

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Ayana tradisi ngaruat lembur téh raket patalina jeung kapercayaan anu aya di masarakat. Ari kapercayaan masarakat baheula téh sok patali jeung kapercayaan kana hal-hal supranatural, nya éta percaya kana hal-hal anu hésé (teu bisa) dijelaskeun ku akal, anu sipatna mitos jeung gaib. Éta kapercayaan téh biasana sok diwujudkeun ku cara ngalakonan upacara-upacara kaagamaan dina wangun tradisi. Hal éta miboga tujuan sangkan masarakatna aya dina rasa trengtrem, salamet, sehat waluya jauh tina sagala balai, bagja, sarta raharja. Kitu deui kapercayaan anu aya di masarakat Désa Tanjungsiang, sangkan masarakatna dipaparin kasalametan, kaséhatan, jeung karaharjaan, biasana masarakat Désa Tanjungsiang téh sok ngayakeun tradisi-tradisi. Salah sahiji tradisi anu masih kénéh dilakonan sarta dicekel pageuh ku masarakat Désa Tanjungsiang téh nya éta tradisi ngaruat lembur.

Ngaruat saupama ditilik tina asal kecapna nya éta tina kecap “ruat” anu miboga harti “kariaan nyalametkeun” (Danadibrata, 2009, kc. 587). Ari anu disebut lembur nya éta sababaraha dukuh anu ngahiji jadi kampung (Danadibrata, 2009, kc. 402). Ku kituna, saupama dihartikeun anu disebut tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang téh nya éta tradisi salametan lembur/kampung, anu dilaksanakeun dina unggal bulan Muharam, sangkan éta lembur dipaparin kasalametan ku Pangéran. Ieu tradisi ngaruat lembur téh miboga tujuan pikeun némbongkeun rasa sukur ka Pangéran lantaran geus dipaparin rupa-rupa ni'mat jeung rejeki, utamana rejeki tina hasil pakasaban. Dina prak-prakanana, ieu tradisi téh biasana sok dilakonan ku cara ngariung, sukur ka Pangéran anu ngalibetkeun sakabéh unsur masarakat. Hal éta némbongkeun yén dina tradisi ngaruat lembur téh aya patalina antara hubungan

manusa jeung papadana, sarta patalina antara hubungan manusa jeung Pangéranna.

Sanajan éta tradisi ngaruat téh masih kénéh dicekel pageuh ku masarakatna sarta masih kénéh dilaksanakeun dina unggal taunna, tapi dina kanyataanana mah loba masarakat anu ngan saukur ngalaksanakeun wungkul, henteu ngarti kana enas-enasna, maksud sarta ku naon diayakeunana éta tradisi. Padahal saupama diteuleuman, dina éta tradisi téh nyampak ajén-inajén anu can kaguar, anu tangtu miboga ajén anu luhung ti mimiti kasangtukangna, pakakas-pakakas anu digunakeunana, nepi ka dina runtuyan-runtuyan acarana. Kiwari éta ajén-inajén téh geus dianggap teu penting, lantaran ayana pamikiran-pamikiran manusa kiwari anu sarwa logis, nya éta pamikiran anu geus teu percaya kana hal-hal anu sipatna mitos jeung gaib. Padahal saupama dilenyepan, éta ajén-inajén téh bisa jadi dadasar pikeun ngalakonan hirup sangkan henteu kaluar tina jalur anu bener tur hadé.

Ajén-inajén anu nyampak dina tradisi ngaruat lembur téh salah sahijina disilokakeun dina simbol-simbol. Ari anu disebut simbol téh nya éta lambang atawa cicirén (Danadibrata, 2009, kc. 639). Lambang téh nya éta perlambang, warna, tanda atawa gambar anu ngandung harti hal atawa barang anu abstrak anu aya hartina (Sudaryat, 2010, kc. 20). Ku kituna, bisa katitén ku urang yén dina simbol-simbol anu aya dina tradisi ngaruat téh lain ngan saukur simbol, tapi aya harti atawa maksud anu nyamuni, anu ngawujud dina wangun ajén-inajén téa.

Sangkan urang mikanyaho kana maksud-maksud anu nyamuni dina éta simbol, perlu dipedar ngeunaan élmu pangaweruh anu maluruh ngeunaan simbol-simbol. Ari élmu pangaweruh anu patali sarta medar ngeunaan simbol-simbol téh nya éta aya dina ulikan sémiotik. Hal ieu luyu jeung pamadegan Sudaryat (2010, kc. 21), yén anu disebut téori tanda jeung simbol téh leuwih umum disebut téori sémiotik, nya éta élmu anu maluruh rupa-rupa sistem tanda. Kitu deui numutkeun Eco dina Septiani (2008, kc. 22) anu nétélakeun yén sémiotik téh nya éta élmu anu maluruh objék-objék, kajadian-kajadian dina kabudayaan salaku tanda.

Saupama geus kapedar ngeunaan maksud-maksud anu nyamuni dina éta tradisi, tangtu urang bakal nyaho ngeunaan ajén-inajén anu nyampak. Sangkan ieu ajén-inajén téh dipikanyaho ku masarakat ka asup nonoman atawa para rumaja kiwari anu bakal jadi generasi anu nuluykeun ieu tradisi, tangtuna urang kudu bisa ngawanohkeun deui tradisi-tradisi anu aya hususna ngeunaan ieu tradisi ngaruat lembur. Hal ieu miboga tujuan sangkan masarakat nyaho katut mikareueus kana tradisi nu aya, tur bisa miara jeung mekarkeun éta tradisi. Salah sahiji cara pikeun ngawanohkeun ieu ajén-inajén anu nyampak dina tradisi ngarut téh di antarana ku cara dilarapkeun dina pangajaran formal di sakola-sakola. Ku kituna, ieu tradisi ngaruat lembur téh bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Tina sawatara skripsi anu geus dibaca, aya sawatara skripsi anu medar ngeunaan tradisi ngaruat sarta medar ngeunaan ulikan sémiotik di antarana: “Ajén Falsafah dina Simbol-simbol Upacara Ruatan Bumi di Désa Parakan Garokgék Kecamatan Kiara Pedes Kabupaten Purwakarta”, ku Asep Johan Komala (2007); “Simbol-simbol dina Upacara Tradisi Guar Bumi di Blok Kampék Désa Salawana Kecamatan Dawuan Kabupatén Majalénka pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII”, ku Euis Nur Amalia (2013); “Ajén falsafah dina Simbol-simbol Tradisi Hajat Makam di kampung Kawunganten Babakan Désa Kawunganten Kecamatan Cikaum Kabupatén Subang (Ulikan Struktural Sémiotik)”, ku Deasy Hapsari Suciati (2012); “Simbol Budaya anu Nyampak dina Tradisi Sambel Séréh Sabada Ngalahirkeun di Kampung Cikonéng Langkob Désa Alam Éndah Rancabali Kabupatén Bandung”, ku Fany Oktavia (2010); “Ajén Falsafah nu Aya dina Simbol-simbol Prosés Hatam Al-quran dina Upacara Kawinan Désa Citanglar Kecamatan Suradé Kabupatén Sukabumi”, ku Risna Septiani (2008), jrrd.

Tina éta hasil panalungtikan, sok sanajan kapanggih aya tradisi anu sarua tapi béda ulikan sarta béda tempat dilaksanakeunana éta tradisi. Aya ulikan anu sarua tapi béda ngaran/wanda tradisi anu jadi objék panalungtikanan. Ku lantaran kitu, ieu skripsi anu dijudulan “Tradisi Ngaruat Lembur di Desa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca

Wini Widiastuti, 2014

TRADISI NGARUAT LEMBUR DI DESA TANJUNGSANG KECAMATAN TANJUNGSANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII (Ulikan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulukan Struktural Sémiotik)” téh perlu ditalungtik. Ku ayana ieu panalungtikan, dipiharep hasil tina ieu panalungtikan téh bisa ngalengkepan sarta jadi bahan bandingan pikeun skripsi nu geus aya.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dina ieu panalungtikan baris dipedar ngeunaan tradisi ngaruat lembur di Désa/Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang. Luyu jeung kasang tukang masalah nu geus dipedar, pasoalan anu aya dina ieu panalungtikan téh baris diidéntifikasi saperti ieu di handap.

- 1) Kaayaan sosial budaya masarakat Désa Tanjungsiang anu geus sarwa modern sarta pamikiran-pamikiran masarakatna anu geus sarwa logis, ngalantarankeun loba masarakat anu teu pati maliré kana tradisi-tradisi anu aya, kaasup kana tradisi ngaruat lembur.
- 2) Loba masarakat anu nganggap yén tradisi ngaruat lembur téh geus teu luyu jeung kamekaran jaman kiwari.
- 3) Loba masarakat anu teu apal kana asal muasal (sajarah) ayana tradisi ngaruat lembur, prak-prakanana, fungsi jeung tujuanana, simbol-simbol, ajén-inajén, sarta ma'na-mana anu nyampak dina éta tradisi. Ku kituna, loba masarakat anu ukur sailu-iluna dina ngalaksanakeun éta tradisi.
- 4) Éta tradisi ngaruat téh jaman kiwari mah dina ngalaksanakeunana geus béda kawas baheula, bahan-bahan anu digunakeunana geus jarang lengkep.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah patalékan ieu di handap.

- 1) Kumaha unsur-unsur budaya masarakat Désa Tanjungsiang?
- 2) Kumaha kasang tukang kasajarahana ayana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang?
- 3) Kumaha runtuyan sarta prak-prakanana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang?

Wini Widiastuti, 2014

TRADISI NGARUAT LEMBUR DI DESA TANJUNGSANG KECAMATAN TANJUNGSANG KABUPATEN SUBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA KELAS XII (Ulukan Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Kumaha ulikan sémiotika anu nyampak dina tradisi ngaruat lembur anu aya di Désa Tanjungsiang numutkeun kana ulikan sémiotik Charles Sanders Peirce?
- 5) Kumaha larapna hasil panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat lembur pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho ulikan struktur sarta sémiotik dina tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kaayaan unsur budaya masarakat Désa Tanjungsiang;
- 2) kasang tukang kasajarahana ayana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang;
- 3) runtuyan sarta prak-prakanana tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang;
- 4) ulikan sémiotik anu nyampak dina tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang numutkeun kana ulikan sémiotik Charles Sanders Peirce;
- 5) larapanana hasil panalungtikan ngeunaan tradisi ngaruat lembur pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis hasil tina ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngabeungharan hasil panalungtikan sarta méré pangaweruh ngeunaan tradisi ngaruat lembur utamana ngeunaan ulikan struktural sémiotikna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan bisa katitén saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik sarta masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi lokal anu aya dimasyarakat Sunda, hususna ngeunaan tradisi ngaruat lembur.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun bahan ajar dina pangajaran basa Sunda di SMA kelas XII.
- 3) Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran jeung nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi ngaruat lembur, sarta bisa méré motivasi ka siswa pikeun ngarojong usaha ngariksa budaya Sunda.

1.5 Rangky Tulisan

Sistematika atawa raraga tulisan anu digunakeun dina nulis ieu skripsi téh sacara gurat badagna kabagi jadi lima bab, nya éta saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan sub judul nya éta kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung struktur raraga tulisan.

BAB II Kajian Pustaka, nya éta ngeunaan tatapakan tiori anu medar ngeunaan tradisi, sémiotika, jeung bahan pangajaran maca.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina husus medar ngeunaan lokasi panalungtikan, désain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik panalungtikan.

BAB IV medar ngeunaan bahasan tradisi ngaruat lembur di Désa Tanjungsiang Kecamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII (ulikan struktural sémiotik).

BAB V kacindekan jeung saran, nya éta salaku bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu skripsi. Dina ieu bab ngawengku kacindekan jeung saran.